

Gid Referans Vaksen kont KOVID-19 pou tout moun ki imininodeprime

Moun ki iminodeprime yo espesyalman vilnerab a enfeksyon ki gen ladan KOVID-19. *Si ou gen nempòt nan kondisyon medikal sa yo, yo konsidere w kòm yon moun ki gen yon sitèm iminitè ki trè oswa modereman fèb epi ou kapab benefisyé yon dòz vaksen KOVID-19 adisyonèl.* Sa enkli moun ki:

- » Ap resevwa yon tretman kansè aktif pou timè oswa kansè nan san
- » Te resevwa yon transplantasyon ògàn epi yo pran medikaman pou siprime sistèm iminitè a
- » Te resevwa yon transplantasyon selil souch nan 2 dènye ane yo oswa ap pran medikaman pou siprime sistèm iminitè a
- » Gen yon defisyans iminitè modere oswa grav (tankou sendwòm DiGeorge, sendwòm Wiskott-Aldrich)
- » Gen yon enfeksyon VIH avanse oswa ki pap trete
- » Ap resevwa yon tretman aktif ki gen gwo dòz kòtikostewoyid oswa lòt medikaman ki kapab bese repons iminitè an.

Lis sa a pa enkli tout kondisyon iminodeprime, tanpri pale ak founisè medikal ou pou detèmine si dòz adisyonèl yo ta nan avantaj ou. Si w gen iminodeprime, verifye tablo ki anba a pou w wè konbyen dòz ou kalifye pou resevwa pou w rete pwoteje kont KOVID-19:

<i>Si w te resevwa...</i>	<i>Gwoup aj</i>	<i>Seri Prensipal</i>	<i>Èske mwen ta dwe resevwa YON DÓZADISYONÈL MONOVALAN?</i>	<i>Èske m ka resevwa yon RAPÈL?</i>
Moderna	6 mwa jiska 4 tran	Twa dòz De premye dòz yo te administre nan yon entèval 21 jou; twazyém dòz la 8 semèn.	Pa gen okenn lòt dòz prensipal nan moman sa a.	Wi, timoun ki gen 6 mwa rive jiska 4 tran yo ta dwe resevwa yon dòz bivalan aktyalize ki menm mak ak seri prensipal yo a.
	5 mwa jiska 4 tran	De dòz yo administre nan entèval 21 jou	Wi, ou ta dwe resevwa yon dòz adisyonèl nan entèval 28 jou apre dezyèm dòz ou an.	Moun ki gen 5 kan oswa plis yo ta dwe resevwa yon dòz rapèl bivalan aktyalize nan Pfizer oswa Moderna.
	6+ zan	De dòz yo administre nan entèval 21 jou	Wi, ou ta dwe resevwa yon dòz adisyonèl nan entèval 28 jou apre dezyèm dòz ou an.	Wi, yo rekòmande yon dòz rapèl Pfizer bivalan oswa Moderna mRNA aktyalize 2 mwa apre dènye dòz la pou moun ki gen laj 6 zan oswa plis pou yo kapab ajou. Moun ki gen 18 an oswa plis ki pa te resevwa yon rapèl anvan yo ka chwazi tou pou yo resevwa yon rapèl Novavax 6 mwa apre yo fin fini seri prensipal yo si yo pa kapab oswa yo pa pral resevwa yon rapèl mRNA ki ajou.
Pfizer	6 mwa jiska 4 tran	De dòz yo administre nan entèval 28 jou	Wi, ou ta dwe resevwa yon dòz adisyonèl nan entèval 28 jou apre dezyèm dòz ou an.	Non, yo pa otorize yon dòz bivalan aktyalize pou sila yo ki gen 6 mwa rive jiska 4 tran ki te deja konplete seri prensipal Pfizer a nan moman sa a.
	5 kan	De dòz yo administre nan entèval 28 jou	Wi, ou ta dwe resevwa yon dòz adisyonèl nan entèval 28 jou apre dezyèm dòz ou an.	Wi, timoun ki gen 5 kan ki te resevwa Pfizer yo ka sèlman resevwa yon rapèl bivalan Pfizer aktyalize
	6+ zan	De dòz yo administre nan entèval 28 jou	Wi, ou ta dwe resevwa yon dòz adisyonèl nan entèval 28 jou apre dezyèm dòz ou an.	Wi, yo rekòmande yon dòz rapèl bivalan Pfizer oswa Moderna mRNA aktyalize 2 mwa apre dènye dòz la pou moun ki gen 6 an oswa plis pou yo ajou. Moun ki gen 18 an oswa plis ki pa te resevwa yon rapèl anvan yo ka chwazi tou pou yo resevwa yon rapèl Novavax 6 mwa apre yo fin fini seri prensipal yo si yo pa kapab oswa yo pa pral resevwa yon rapèl mRNA ki ajou.
Johnson & Johnson	18+ tan	Dezyèm dòz	Wi, ou ta dwe pran yon dòz adisyonèl vaksen mRNA 28 jou apre premye dòz J&J.	Wi, yo rekòmande yon dòz rapèl bivalan Pfizer oswa Moderna mRNA aktyalize 2 mwa apre dènye dòz la pou li ajou. Moun ki gen 18 an oswa plis ki pa te resevwa yon rapèl anvan yo ka chwazi tou pou yo resevwa yon rapèl Novavax 6 mwa apre yo fin fini seri prensipal yo si yo pa kapab oswa yo pa pral resevwa yon rapèl mRNA ki ajou.
Novavax	12+ zan	De dòz yo administre nan entèval 21 jou	Pa gen okenn lòt dòz prensipal nan moman sa a.	Wi, yo rekòmande yon dòz rapèl Pfizer bivalan oswa Moderna mRNA aktyalize 2 mwa apre dènye dòz la pou moun ki gen laj 12 zan oswa plis pou yo kapab ajou. Moun ki gen 18 an oswa plis ki pa te resevwa yon rapèl anvan yo ka chwazi tou pou yo resevwa yon rapèl Novavax 6 mwa apre yo fin fini seri prensipal yo si yo pa kapab oswa yo pa pral resevwa yon rapèl mRNA ki ajou.

Kesyon Yo Poze Souvan

Ki diferans ki genyen an yon dòz vaksen adisyonèl ak yon dòz vaksen rapèl?

Yon dòz adisyonèl se pou kèk pasyan (gade tablo anwo a) ki te konplete yon seri prensipal vaksen men ki pa t gen yon repons iminitè ki djamm ase.

Yo bay yon dòz rapèl pou ranfòse oswa restore pwoteksyon ak/oswa sistèm iminitè apre premye seri vaksen an fin diminye avèk tan k ap pase.

Ki kondisyon medikal yo konsideree ki mete w nan pi gwo risk pou maladi grav nan KOVID-19?

Moun nenpòt laj ki gen kondisyon ki liste anba yo gen plis chans pou malad grav ak KOVID-19.

Vaksen KOVID-19 yo (premye dòz ak rapèl yo) ak lòt mezi preventif pou KOVID-19 yo enpòtan, espesyalman si ou gen anpil laj oswa ou gen plizyè oswa kondisyon medikal ki grav ki enkli sa ki nan lis sa. Lis sa pa gen ladann tout kondisyon ki mete ou nan pi gwo risk fòm grav maladi KOVID-19 lan. Si ou gen yon kondisyon ki pa enkli la, pale ak founisè swen sante w konsènan jan pou pi byen jere kondisyon ou ak pwoteje tèt ou de KOVID-19.

- » Kansè
- » Maladi renal kwonik
- » Maladi fwa kwonik
- » Maladi poumon kwonik
- » Demans ak lòt kondisyon newolojik
- » Dyabèt (tip 1 oswa 2)
- » Sendwòm Down
- » Pwoblèm kadyak
- » Enfeksyon VIH
- » Eta iminodeprime (sistèm iminitè febli)
- » Pwoblèm sante mantal
- » Ki twò gwo ak obezite
- » Gwosès
- » Anemi falsifòm oswa talasemi
- » Fimen, aktyèl oswa ansyen

» Ògàn solid oswa transplantasyon
selil tij san

» Estwòk oswa maladi
serebrovaskilè, ki afekte
sikilasyon san nan sèvo a

» Tibèkiloz

Ki sa ki se yon rapèl ajou/bivalan?

Yon rapèl KOVID-19 aktyalize/bivalan se yon fòmil vaksen ki tou de ranfòse iminitè kont souch kowonaviris orijinal la epi tou li pwoteje kont nouvo variants ki reprezante pi fò nan ka aktyèl yo. Rapèl aktyalize yo antann bay pi bon pwoteksyon kont virus la epi adresse efikasite vaksen k ap diminye sou tan.

Èske moun ki gen sistèm iminodeprime modere oswa grav ap bezwen yon nòt /preskripsiyon doktè oswa lòt dokiman pou resevwa dòz sa yo?

Non, moun yo ka idantifye tèt yo epi resevwa tout dòz nenpòt kote yo ofri vaksen yo. Sa a pral asire pa gen okenn obstak adisyonèl nan aksè pou popilasyon sa a. Si moun ki gen sistèm iminodeprime yo gen kesyon sou kondisyon medikal espesifik yo, yo ka diskite ak founisè swen sante yo si w ap resevwa yon lòt dòz apwopriye pou yo.

Si mwen pran yon vaksen KOVID-19, èske mwen toujou bezwen pran lòt prekosyon?

Wi, menm si w pran vaksen an, ou ka toujou oblige mete yon mask andean kèk anviwònman publik. Jwenn plis enfòmasyon sou [paj Kesyon Yo Souvan Poze sou Mask ak Kouveti Figi nou an](#) (an anglè). Nou rekòmande tou pou ou lave men ou souvan, rete yon distans sis pye , epi limite rasanbleman.

Vaksen KOVID-19 yo travay byen, men yo pa efikas 100%. Gen kèk moun ki ka pran KOVID-19 menm si yo te pran vaksen an. Ak ogmantasyon plis varyant transmisib, li enpòtan pou tout moun pran prekosyon tankou mete mask pou diminye transmisyon virus la.

Plis kesyon? Vizite: doh.wa.gov/covidbooster